

Kitab Suci Bocah
nyuguhaké

Dhaniel lan Misteri
Impen



Ditulis déning: Edward Hughes

Digambari déning: Jonathan Hay; Alastair P.

Dibesut déning: Mary-Anne S.

Diterjemahaké déning: Maryudha


Diproduksi déning: Bible for Children
www.M1914.org

©2026 Bible for Children, Inc.

Kowé duwé hak motokopi utawa nyithak crita iki,
waton ora kanggo diedol.




Raja Nebukadnezar ngimpi, lan impen kuwi ngganggu panjenengane. Merga kuwasane Gusti Allah, Dhaniel isa nyritakke marang raja tegese impene.




Babagan pisanan sing
ditindakake Daniel yaiku
nggambarake impen
kasebut kanthi tepat.
"Panjenengan sumerep
reca ingkang gedhe
sanget, Dhuh raja.
Wujudipun sae sanget!"




"Sirahipun kadamel saking emas," Daniel nerusake.



"Dhadha lan
lengenipun kadamel
saking slaka."



"Padharan lan pupunipun kadamel saking perunggu."




"Sukunipun kadamel saking tosan, sukunipun saperangan saking tosan, saperangan saking lempung."



Sawise nyritakake gambaraning reca mau marang raja, Dhaniel nyritakake sisane impen mau.



"Panjengan ningali wonten sela
ageng mlesat tanpa kagepok
dening tanganing tiyang," ature
Dhaniel marang raja.



"Sela menika nggebug reca
teng sukunipun ingkang
saking wesi lan lempung,
ngantos remuk."



"Saklajenge reca menika remuk dados awu tumunten kabur ing angin." Daniel mandheg. "Lan sela menika tuwuh ados redi ngebaki salumahing bumi."



Raja gumun. I ku persis apa sing wis diimpeke!
Kepiye Dhaniel bisa ngerti? Mung amarga Gusti
Allah ngandika marang Dhaniel.
Dhaniel banjur nyritakake marang raja
Nebukadnezar apa tegese impen mau.



"Gusti Allah ing
swarga wus maringi
panjenengan
karajan, panguwasa,
kekuwatan lan
kamulyan,"
ujare
Daniel
marang
raja.



"Panjenengan
niku sirah
ingkang saking
emas."




Dhaniel matur marang raja yen karajan
emase bakal rampung.

Bagean perak
saka reca kasebut
tegese bakal dadi
kerajaan sing
luwih ringkih.

Tembaga
tegese
karajan liya.

Wesi lan lempung
nandaake
ngadege
karajan
kaping papat.



KARAJAN 1

KARAJAN 2


KARAJAN 3

KARAJAN 4



Kang pungkasan Dhaniel matur marang raja yaiku iki.

"Gusti Allah ing swarga
badhé ngedegaken
kraton ingkang
langgeng."



Raja ngerti nek mung Gusti Allah sing isa maringi Dhaniel kawicaksanan kanggo mangerti lan ngerti impene. Nebukadnezar maringi hadiah marang Dhaniel lan ndadekake dhèwèké dadi wong sing penting banget ing kraton.





Kraton 1, 2,
lan 3 wis teka
lan ilang.

Kratoning
Gusti Allah
bakal teka
sawise
Kratoning 4.
Mesias
bakal
mrentah
ing bumi. Lan
iku bisa rauh!



Dhaniel lan Misteri Impen

Crita saka Pangandikané Gusti, Kitab Suci

bisa digolèki ing

Dhaniel 2

“Kawedharipun pangandika Paduka punika
madhangi’.” Jabur 119:130



Cunthel



Crita Kitab Suci iki nyritaaké bab Gusti Allahé awaké dhéwé sing luar biasa, sing nitahaké kita kabèh, sing ngersaaké supaya kowé wanuh marang Panjenengané.

Gusti Allah pirsá yèn awaké dhéwé wis nglakoni prakara sing èlek-èlek, sing disebut déning Gusti Allah, dosa. Ukumané dosa iku pepati, nanging Gusti Allah banget olèhé ngasihi marang kowé, mula ngirim Putrané Ontang Anting, utawa Putra sing ora ana Tunggalé, asmané Yésus, supaya séda disalib. Yésus diukum sebab dosa-dosamu. Banjur Gusti Yésus wungu manèh saka séda lan kondur menyang Swarga! Yen kowé percaya marang Gusti Yésus lan nyuwun pangapura tumrap dosa-dosamu, Panjenengané bakal maringi pangapura! Panjenengané bakal rawuh lan urip nang atimu saiki uga, lan kowé bakal urip bareng Panjenengané saklawasé.

Yen kowé percaya yen iki bener, mara matura marang Gusti mengkéné: Gusti Yésus ingkang kawula tresnani, kawula pitados bilih Paduka punika Gusti, lan sampun manjalma dados manungsa supados séda kanggé nyirnaaken dosa-dosa kawula, lan sakpunika Paduka sampun gesang malih. Mugi rawuha ing gesang kawula lan apuntenana sedaya dosa kawula, supados kawula nggadhahi gesang énggal ing wekdal punika, lan bénjang badhé sesarengan kaliyan Paduka salaminipun. Mugi mitulungi kawula supados saged tansah mbangun turut dhumateng Paduka sarta gesang kagem Paduka, dados putra Paduka. Amin.

Maca Kitab Suci lan geguneman karo Gusti Yésus saben dina! Yohanes 3:16

